**Пайдаланылған әдебиятлар**

1. Баскаков Н.А. Каракалпакский язык, 1 том, 136-бет
2. Бердақ. Таңламалы шығармаларының толық жыйнағы. - Нөкис:ККМБ, 1950, 15-бет
3. Қожықбаев Ә. Тарийхый қосықлар. – Нөкис, 1980.- 17 бет
4. Қарақалпақ халық қосықлары. Нөкис, 1965, 358-бет
5. Непесов Ғ.Н. 1920-1924-жыллардағы Хорезм халық Совет революциясында Қарақалпақстан мийнеткешлериниң роли. Нөкис, 1964. 34,43-48-бетлер.
6. Сыдық Тоқпан улы. Шығармалары. – Нөкис, 1978
7. ӨЗРИА ҚҚБ Қолжазбалар фонды, инв. 37344
8. Тореев А. 1916-жылғы халық көтерилиси. Нөкис, 1967, 22-31-бетлер.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада қорақалпоқ тарихий қўшиқларининг ривожланиши ва шаклланиши бир қанша даврларни ўз ичига олади. Фольклор жанрлар билан бирга ривожланиб, қорақалпоқ халқининг сиёсий-ижтимоий ҳаётининг барча даврларин ўз ичига олади. Тарихий қўшиқлар ҳамма даврларда халқнинг турмуш тарзига боғлиқ пайдо бўлади ва ривожланди.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается каньшинский период развития и становления каракалпакских исторических песен. Фольклор развивается вместе с жанрами и охватывает все периоды социально-общественной жизни каракалпакского народа. Исторические песни появлялись и развивались во все периоды в зависимости от образа жизни народа.

**SUMMARY.** The article examines several periods of development and formation of Karakalpak historical songs. Folklore develops along with genres and covers all periods of the social and social life of the Karakalpak people. Historical songs appeared and developed in all periods, depending on the way of life of the people.

## ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА ЭТНОТОПОНИМЛЕРДИ ҮЙРЕНИЎ

**Бердиева Бағдагүл** - *оқытыўшы*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы*

**Таянч сўзлар:** ономастика, топонимика, топоним, этноним, этнотопоним, этнонимия.
**Ключевые слова:** ономастика, топонимика, топоним, этноним, этнотопоним, этнонимия.
**Key word:** onamastics, toponomy, toponym, ethnonym, ethnotoponym, ethnonyms.

Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан топонимиясының бай ҳәм көп қырлы материалларын түрли территориялар бойынша топлаў ҳәм изертлеў жумыслары бойынша көп ғана жумыслар әмелге асырылды. Нәтийжеде, Өзбекстанның бир катар ўәлаят ҳәм районларың топо-номиясын тиллик, тарийхый этнографиялық ҳәм топологиялык көз қарастан анализлеўге арналған көплеген монографиялар баспадан шығарылды, усы темаға тийисли бир неше кандидатлық ҳәм докторлық диссертациялары жазылды, топонимиялық түсиндирме сөзликлери дүзилди. Соған қарамастан, өзбек ономастикасының барлық қурамалы хәм де әҳмийетли мәселелери үзил-кесил шешилген емес [1].

Өзбек этнонимиясы ҳәм соның ишинде қарақалпақ этнонимиясы, олар тийкарында пайда болған меншикли атлықлар топарын тарийхый-этнографиялық, структура-семантикалық ҳәм этимологиялық қурылысы жағынан изертлеў әҳмийетли машқалалар қатарына киреди. Қаракалпақ этнонимиясына тийисли тиллик материаллар елеге шекем монографиялық тәризде терең анализ етилмеди. Базы-бир илимий изертлеўлерде бул мәселе улыўмалық тәризде үйренилген [2] ямаса топонимияға тийисли айырым жумысларда басқа машқалалар менен байланыслы үстиртин тилге алынған болса да, белгили бир территорияға тийисли болған этнонимлер хәм этнотопонимлер усы күнге дейин арнаўлы изертлеў объекти болған жоқ. Этнонимлер меншикли атлықлар катарындағы бир қатар атамалар топарының жүзеге келиўинде үлкен орын тутады. Бул жағдай көбирек антропонимлер хәм топонимлердиң жасалыўында айқын көзге тасланады. Сол себептен этнимлер менен топонимлер дизиминиң өз-ара мүнәсибети ҳәм усы тийкарда этнотопонимлердиң келип шығыў нызамлылықларын монографиялық негизде үйрениў қарақалпақ топонимикасының бир қатар

теориялық ҳәм әмелий машқалаларын шешиўге тийкар болады.

Топонимика басқа илимлер тарауы менен илимий ҳәм практикалық әхмийетке ийе. Буның менен айрықша тарийхшылар, этнографлар, ботаниклер шуғылланады. Топонимика арқалы көплеген тарийхый фактлерди, айырым халықлар менен руўлардың территориялық шегараларын, дәстүрин, үрп-әдетин, мәдениятын, тил өзгешеликлерин анықлаў менен сондай-ақ, белгили жер-суў өсимликлер ҳәм жәниўарлар дүньясының ҳәр кыйлы қәсийетлерин топонимиканың жәрдеми арқалы анықлаўға болады [3:119].

Этноним ҳәм этнотопонимлерди топлап изертлеў қарақалпақ тилиндеги меншикли атлықлар қатарының қәлиплесиў басқышлары ҳаккында қымбатлы мағлыўматлар берип ғана калмай, халқымыздын тарийхы, үрп-әдетлери, турмыс тәризи, үлкемиздиң географиясы хәм археологиясы, сондай-ак, руўхый байлықларымызды өз ишине алатуғын изертлеўлер алып барыўға тийкар бола алады. Этнотопоним материалларын белгили территориялар бойынша топлаў хәм үйрениў бул мәселениң негизине жәнe де тереӊ кирип барыў ҳәм де территориялык - тиллик ўақыялар дизиминиң өзине тән нызамлылықлары ҳәм қәсийетлерин ашыўға көмеклеседи. Қарақалпақстан аймағында жасаўшы жергиликли халықтын этникалық атамалар ҳәм олар негизинде пайда болған этнотопонимлер ҳәзирге дейин арнаўлы изертленбеген.

Жуўмаклап айтканда, Қарақалпақстан топонимиясын тийкарынан бул аймаққа тән этнонимлер ҳәм этнотопонимлерди үйрениў ислерине дәслеп тарийхшылар, этнографлар, гейпара географлар сезилерли дәрежеде үлес қосқан. Бул машқала кейинирек диалектологлар ҳәм тилши топономистлер тәрепинен арнаўлы анализлене баслаған. Соған карамастан, Қаракалпақстан этнонимиясы ҳәм этнотопонимлери ҳәзирги дәўирге шекем арнаўлы илимий изертлеў объекты сыпатында хәр тәреплеме тереӊ анализ етиледи деген үмиттемиз.

**Пайдаланылған әдебиятлар**

1. Эназаров Т., Есемуратов А., Ҳусанова М. Ўзбек номшунослиги (монография). -Тошкент: «Наврўз», 2015.
2. Әбдимуратов Қ. Неге усылай аталған? -Нөкис: «Қаракалпақстан», 1965.
3. Бердимуратов Е. Топонимиялық атамаларға дыққат аўдарайық. /«Еркин Қарақалпакстан» 20-июнь 2000-жыл, №73 (17355).

**РЕЗЮМЕ.** Мазкур мақолада муаллифлар ономастика(яъни номшунослик)да хозирги кунда долзарб масалалардан бири - этнотопонимлар тўғрисида фикр юритишган. Эски давр мафкурасига идеологиясига оид ясама атамалар ўрнига жойларнинг қадимги атамалари қайта тикланди.

**РЕЗЮМЕ.** В статье изложены проблемы изучения этнотопонимов каракалпакского языка. Наименования относящиеся к старой идеологии заменены истинным названием местности.

**SUMMARY.** The article describes the problems of studying ethnotoponyms of the Karakalpak language. Names related to the old ideology were replaced by the original names o f the area. The authors present their views on the importance and use of toponyms in the methodological aspect.

# БАЛАЛАР ПОЭЗИЯСЫНДА НАҚЫЛ-МАҚАЛЛАРДЫҢ ҚОЛЛАНЫЛЫЎ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

**Ж.Бердимуратов -** *оқытыўшы*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы*

**Таянч сўзлар:** панду-насият, дидактика, фалсафа, фолькор, шеър, қўшиқ.
**Ключевые слова:** пропаганда, дидактика, философия, фольклор, поэзия, стихи.
**Key words:** propaganda, didactics, philosophy, folklore, poetry, poems.

Биз қайсы миллеттиң әдебиятын оқымайық, ески грек-рим әдебиятында, орта әсирлик Шығыс әдебиятында болсын узақ дәўирлерден ҳәзирги күнге шекемги барлық дүнья әдебияты классиклериниң дөретпелерине нәзер салсақ, халық нақыллары